



Sante Bouch ak Bebe ou

Bay tete Bibwon Itilizasyon tetin
Fè dan ak premye vizit kay dantis
Kisa ki bon pou manje ak dan tibebe
Lijyèn nan bouch
Maladi bouch ki pi kouran
Prevansyon nan chòk dantè

Kouman yo itilize tiliv sa a

Lè ou fè bon chwa yo, sa ap nan avantaj dan pitit ou pou tout lavi li. Tiliv sa ap montre ou kijan pou ou bay timoun ou manje bagay ki bon pou li, ak pwòpte dan timoun lan byen pou yo ka gen bon dan pandan anfans yo, epi asire'w ke yo manje, jwe ak aprann san doulè.

Li rekòmande pou ou li tou le twa liv yo, menm si ou pa li yo ansanm yon sèl kou, paske lè ou li yo tout, ou ap konprann pi byen kijan ou ape ka ede fanmi'w pran swen dan yo.

Si ou te twouve tiliv sa a te itil ou, te mèt se yon ti monnen si ou bay li nan Global Child Dental Fund li ap ede timoun ki nan difikilte tout kote nan mond lan jwenn aksè a swen pou dan yo e mete yon souri nan figi yo.



global child dental fund

www.gcdfund.org



Depi lè tibebe a fèt pou jouk li rive nan adolesans li, zo kote dan yo ap chita a ak lot eleman nan bouch ak vizaj timoun lan ap devlope. Kenbe bon prensip liyèn nan bouch epi mennen timoun lan kay dantis kou li kòmanse gen dan nan bouch li, sa ape pèmèt yo siveye devlopman tout bagay sa yo, epi tou pèmèt timoun lan gen yon bèl souri ansante.

Sa ka rive ke lè timoun lan fèk fèt gen yon seri de bagay ki pa nòmal ki ka parèt nan bouch li. Bagay sa yo ka chanje epi disparèt pandan li ap grandi. Kou manman an fin pouse timoun lan, ekip doktè ak mis yo ap verifeye si pa gen anyen ki ap anpeche timoun lan respire, souse, vale, manje byen.

Bay tete

Lèt manman se meyè manje tibebe a ka jwenn pou konfò nitrisyonèl li ak pou li satisfè emosyonèlman tou. Moman sa sipoze pezib, kote manman an ap kreye lyen ant limenm ak pitit li, e fòk timoun lan chita nan bra ou nan moman sa a.




Lè timoun lan ap pran tete, li prale fè yon seri de egzèsis ak bouch li ki prale devlope misk bouch li, fè li aprann respire pa nen li, sa ape prepare timoun lan pou li ka pale byen, ape favorize kwasans zo kote dan yo ap chita a. Sa vle di li enpòtan pou tibebe a fè efò pou li souse tete a.

Pou ka gen meyè rezilta, fòk bouch timoun lan byen antoure pwent tete a pou aksyon souse a ka fè lèt la soti. Sa ap fè tibebe a respire nan nen li epi korije pozisyon lang lan ak zo kote dan yo prale chita a.

Bibwon

Si jamè sa ta rive doktè a di pou manman an pa bay pitit li tete akòz de sante pa li, fòk se yon pwofesyonèl sante ki ede'l chwazi ki kalite bibwon li prale itilize pou timoun lan. Li enpòtan pou ou itilize yon bibwon ak yon pwent otodontik nan ka sa a, gwosè pwent otodontik la pwopòsyonèl ak gwosè bouch tibebe a.



*Li enpòtan pou ou apresye
moman sa ou ape pase ak
pitit la lè ou ape bay li manje
nan bibwon.*

Ou pa dwe ouvè pwent tetin bibwon an paske efò tibebe a ape fè pou rale lèt la ape ede nan devlopman misk vizaj li. Ou dwe byen netwaye ak dlo trete tèt bibwon an chak fwa ou fin sèvi ak li.

Li enpòtan pou ou apresye moman sa ou ape pase ak pitit la lè ou ape bay li manje nan bibwon. Sevraj tibebe a nan bibwon an dwe fèt menm jan si se tete li te ape pran. Bibwon se yon mwayen pou ranplase tete a, men li pa sipoze yon fason pou tibebe a bwè plis lèt.

Li enpòtan pou ou pa kite tibebe a poukont li lè li ape manje nan yon bibwon. Non sèlman li ka trangle epi toufe, men li ka rale lèt la mal.

Lè bibwon ak tete fè twòp tan nan bouch timoun lan sa ka gate dan li, fòk ou sevre li pou li ka manje manje solid lè li gen 6 mwa anviwon. Tandiske, ou ape kanpe itilizasyon bibwon an lè li gen 1 an.

Tetin

Nòmalman ou pa ta dwe itilize tetin, e si jamè ou ta santi nesosite pou ou ta bay pitit ou youn, ou pa sipoze itilize li pou anpeche li kriye. Paske tibebe a ka ape kriye paske kouchèt li mouye, vant li ape fè li mal, li nan yon pozisyon kote li pa konfòtab, oubyen li bezwen tou senpleman afeksyon.

Pi bon lè pou retire yon sousèt ap depannde matirite fizik ak emosyonèl tibebe a. Nòmalman sa rive lè li genyen 2 zan. Timoun yo souse dwèt yo pandan plis tan paske dwèt la ap toujou la.

Nenpòt pwoblèm avèk ak dan paske timoun nan itilize sousèt oswa souse dan kapab rezoud natirèlman pita si li sispann avan li genyen 6-7 ane. Sinon, w ap bezwen yon dantis pou ede rezoud pwoblèm avèk ak dan an.

Fè dan ak premye vizit kay dantis

Lè tibebe ou kòmanse fè dan, se youn nan moman ki pi difisil nan lavi li. Chak timoun ape fè dan nan moman pa li. Se yon pwosesis ki ka varye akòz eta sante timoun lan, oubyen akòz chanjman ki ape fèt nan anviwònman li ape viv lan.

Apati moman tibebe ou fè premye dan li, li enpòtan pou ou planifye premye vizit li kay dantis lan. Menm si se vre dantis lan pa gen anyen li prale wè vrèman, men li prale bay anpil konsèy sou kisa timoun lan dwe manje ak sou lijyèn bouch, epitou timoun lan ape tou kòmanse abitye ak ale nan klinik doktè dan.

Depandamman de nan ki peyi ou ape viv, li posib pou ou ale wè yon dantis pou timoun avan. Se yon moun ki espesyalize tèt li nan pran swen tibebe, timoun piti, ak gran timoun. Men nenpòt ki dantis ka okipe dan timoun e asire li ke yo pa gate, ke jansiv lan pa malad. Swen sa yo ape favorize devlopman zo kote dan yo ape chita a, sa ki ape fè timoun lan mode byen e ke li ape gen yon souri ki bèl. Lè ka yo konplike e ke dantis lan paka fè anyen, li ape refere ou a lot espesyalis.

6

Lè ou pran swen bouch ou, sa ape kontribiye anpil nan kalite lavi ou. Ou dwe fè edikasyon ak fè prevansyon pandan premye ane lavi timoun lan, ou dwe mennen li pran swen nan men yon pwofesyonèl sante ak tout atansyon fanmi an. Kòmanse pran bon abitud lijyèn konn defwa mande chanje yon seri de abitud sosyete an deja ba nou ki pa fasil pou kite.

Kisa ki bon pou manje epi dan tibebe

Fòk ou bay tibebe ou manje sa doktè li rekòmande pou li manje. Manje natirèl ap bon pou dan timoun lan, men yo ape bon tou pou sante jeneral li. Lè ou gen yon alimantasyon ki ekilibre, ki varye epi ki rich ak vitamin, li bon pou fòmasyon dan timoun lan. Se lè timoun lan plede manje ki dous ke li ape gen pwoblèm li twò gwo, li gen dan ki gate oubyen li fè maladi sik.

Aksyon souse a se yon stimilan pou devlopman zo kote dan timoun lan ape chita a avèk machwè li. Se pou sa fòk tibebe a bwè tete jiskaske li gen 6 mwa, apre sa ou ape altène ant bibwon ak manje solid jiskaske li gen 1 an pou li manje bagay solid sèlman apre sa.



Pou timoun lan ka kòmanse bagay solid, ou dwe kraze manje a ak yon fouchèt oubyen ou koupe li an ti moso pou li ka abitye ak sa. Apati de moman kote pitit ou gen 20 dan tibebe yo nan bouch li, fòk li kòmanse kraze nenpòt kalite manje (mou kou solid) pou li ka kòmanse aprann manje nòmalman epi stimile bouch li ak figi li grandi an menm tan ake rès kò li.

Pou ou anpeche timoun ou gen dan ki gate, li enpòtan pou ou planifye kilè ou ape ba li manje, ak kreye espas ant lè manje li yo. Ou dwe evite bay timoun lan twòp ji ak chokola paske yo dous epi yo gen anpil asid, de bagay ki favorize pwoblèm dan avèk obezite kay timoun lan. Ou dwe toujou asire w pitit ou ale dòmi ak dan li pwòp. Si sa ta rive ke pitit ou malad, li ta preferab ou chwazi medikaman ki pa gen sik pou li depi sa posib.

*Li enpòtan pou ou pran abitud
netwaye bouch pitit ou chak jou.*



Lijyèn nan bouch pou timoun piti

Li enpòtan pou ou pran abitud netwaye bouch pitit ou chak jou. Fòk ou kòmanse bwose pou li kou li fèk gen dan ki parèt nan bouch li avèk yon bwòs pou laj li.

Kou premye dan an parèt nan bouch timoun lan, fòk ou fè liyèn nan bouch li tankou pou tout moun nan kay la, sa vle di, kou li fèk leve nan maten avèk lannwit anvan li dòmi, epi si sa posib apre chak repa. Fòk ou itilize yon bwòs espesyal pou timoun, li tape preferab si tèt bwòs la te piti epi plim li fen. Anvan timoun lan espesyal gen dan nan bouch li ou ka netwaye bouch li ak yon ti moso twal fen pwòp.

Lè timoun lan ape dòmi, pwodiksyon saliv nan bouch li desann, se nan moman sa ke li pi enpòtan pou bouch la pwòp paske se saliv la ki pwoteje dan yo.

Lè ou ape netwaye bouch tibebe a, itilize yon pat espesyal pou tibebe. Pat la dwe gen fliyo ladan, sa enpòtan anpil paske li ape pwoteje dan yo pou yo pa gate. Itilize yon tikal pat, gwosè yon grenn diri, sèlman nan bwòs tibebe a.

Pifò dan tibebe yo gen espas nan mitan yo, men si sa ta rive yo kole ansanm, ou ka netwaye espas nan mitan yo ak ti plim bwòs la.

Kantite pat pou tibebe

Yon tibebe pa bezwen anpil pat, mete sou bwòs li ya yon tikal gwosè yon grenn diri: 0.1 gram.



Maladi bouch timoun piti genyen pi souvan

Tibebe ka gen dan yo ki gate ak gen maladi jansiv; en jeneral sa rive lè lijyèn pa fèt nan bouch timoun lan sitou si bouch timoun lan pa netwaye anvan li dòmi, lajounen kou lanwit.

Lè ou wè timoun ou gen yon dan ki gate, ou dwe mennen li kay doktè byen rapid. Dan timoun gate fasil e si youn atake li ka kontamine lot yo byen rapid. Si sa pa trete rapid, timoun lan ka gen anpil doulè, e sa ape afekte devlopman jeneral li ak byenèt li.

Bòkyè pa rive fasil kay tibebe. Sa rive lè gen yon mikwòb ki rantre nan bouch timoun lan. Li pran li swa lè yon granmoun bo li, li mete jwèt li nan bouch li, lè tetin li pa pwòp, ak lè bon lijyèn pa fèt nan bouch li. Fòk ou fè bon lijyèn nan bouch timoun lan pou evite bòkyè.

Gen lòt bagay ki konn rive nan bouch timoun yo. Si ou sispèk yon bagay dwòl, ale kay dantis ou pou li egzamine bouch timoun ou.



Prevansyon aksidan ki konn rive dan timoun yo

Lè timoun lan kòmanse aprann mache, sa ka rive li tonbe e frape bouch li. Toujou asire ou li gen yon granmoun ak li pou evite aksidan sa yo.

Li enpòtan pou ou mete senti sekirite pou timoun lan lè li nan machin, oubyen sou chèz espesyal pou tibebe yo. Asire ou ke yo mete soulye ki gen semèl pou anpeche li glise. Fè atansyon ak dlo ki ka tonbe atè, mèb ak mach eskalye.

Si sa ta rive timoun lan tonbe sou bouch li, ou dwe mennen li kay yon dantis menm kote a. Yon aksidan nan laj sa ka afekte ni dan tibebe a ni dan definitiv lan ki gentan ap fòm anba jansiv la.

Antan ke paran, fòk ou konnen ak sonje nan ki sikonstans timoun lan frape, ki kote, kilè, ak kijan sa te pase. Enfòmasyon sa yo enpòtan pou pwofesyonèl ki ape pran swen pitit ou a. Verifye si timoun lan pa blese anndan bouch li, oubyen si timoun lan gen tèt vire, oubyen anvè vomè. Si timoun lan prezante siy sa yo, mennen li an ijans nan yon lopital anvan.

Kote timoun lan frape a dwe lave ak dlo pwòp e ou dwe verifye si pa gen dan ki kase oubyen ki ape souke. Si timoun lan ape senyen, fè yon ti presyon nan zòn lan avèk yon moso twal pwòp. Ou ka mete yon ti moso glas tou nan zòn lan pou evite li anfle. Pa kite timoun lan mete tetin, bibwon, oubyen jwèt nan bouch li nan moman sa a. Si timoun lan swaf, ba li dlo nan yon gode oubyen yon kiyè.

Dantis lan ap fè tretman ki pi efikas lan pou timoun lan, si dan an dwe rete li ape kite li pou li ka ale poukont li lè dan granmoun lan ap pran plas nòmal li. Sa ki pou rive dan an depann de ki kalite chòk dan an te sibi e nan ki epòk fòmasyon li aksidan an rive.

Gen yon seri de prekosyon ou dwe pran lè dan an sibi yon aksidan; fòk ou evite timoun lan itilize tetin, bibwon oubyen souse dwèt li paske sa ka bouje dan an, fè ke li pa sispann senyen ou tou senpleman anpeche zòn lan geri. Ou dwe fè timoun lan manje bagay likid sèlman pandan premye semenn apre chòk la.

Lòt tiliv nan seri sa a:


Sante Bouch ak Gwosès ou
Vizite dantis ou pandan gwosès ou
Pwoblèm sante nan bouch ki konn rive lè fanm ansent
Ti konsèy sou sante bouch

Sante Bouch ak Pitit ou
Dan tibebe ak chanje dan
Dan pèmanan
Kisa ki bon pou manje epi sante bouch
Bon liyèn bouch
Maladi bouch ki pi kouran
Defòmasyon dan
Prevansyon nan chòk dantè
Dan yo ak pozisyon yo nan bouch la

Otè ti tiliv yo (soti agoch rive adwat)



Dóris Rocha Ruiz DDS, MSc
Sônia Groisman DDS, MSc, PhD
Valerie Wordley BDS
Raman Bedi BDS, MSc, DDS, FDSRCS(Ed), FDSRCS(Eng), FGDP, FFPH, Doctor of Science (Univ. Bristol), Doctor of Humane Letters (AT Still Univ., Arizona)



Si ou te twouve tiliv sa a te itil ou, te mèt se yon ti monnen si ou bay li nan Global Child Dental Fund li ap ede timoun ki nan difikilte tout kote nan mond lan jwenn aksè a swen pou dan yo e mete yon souri nan figi yo.



Imèl: info@gcdfund.org **Vizite:** www.gcdfund.org

Global Child Dental Fund, Rooms 329-331, 26-29 Drury Lane,
Lond WC2B 5RL Wayòm Ini
Nimewo anrejistreman charite: 1125850 (Angletè & Peyi Gal)